# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–11 अप्रैल 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आजु बनारस दौरा पर पहुंचलें। उहां के बनारस के मेहदीगंज में तीनि हजार आठ सौ चौरासी करोड़ रूपिया से बेसी लागत के चउवालीस गो परियोजनन क उद्घाटन अउर सिलान्यास कइलीं। येह परियोजनन में सड़कि अवसंरचना, बिजुली, सिक्षा अउर पर्यटन के क्षेत्र में विकास सामिल हौ। येह मौका पर प्रधानमंत्री एगो जनसभा में कहलें कि येह परियोजनन से क्षेत्र के पुरहर विकास के बढ़ावा मिली।

***कनेक्टिविटी को मजबूती देने वाले अनेक इन्फ्रास्ट्रक्चर प्रोजेक्ट्स हर घर तक नल से जल पहुंचाने का अभियान, शिक्षा, स्वास्थ्य और खेल सुविधाओं का विस्तार, हर परिवार, हर युवा को बेहतर सुविधाएं देने का संकल्प ये सारी योजनाएं पूर्वांचल को विकसित पूर्वांचल बनाने की दिशा में मील का पत्थर बनने वाली हैं।***

प्रधानमंत्री येह मौका पर कहलें कि अब काशी खाली प्राचीनता क प्रतीक नाहीं रहल बलुक विकास क मॉडल बनि गइल हवे। उहां के सहर के तेज विकास क सराहना करत बतवलीं कि कइसे संरचना में सुधार, धारमिक पर्यटन अउर नागरिक सुविधा में उन्नयन येह पुरान नगरी के आधुनिक सहरी केन्द्र में बदलि दिहले हवे।

प्रधानमंत्री येह मौका पर सत्तर बरिस से बेसी उमिरि क तीनि गो बुजुरूग लोगिन के आयुष्मान कार्ड सउंपलें अउर अउर तीनि गो जीआई प्रमाण पत्र दिहलें।

***बीते दस वर्षों में हमने सिर्फ अस्पतालों की गिनती नहीं बढ़ाई है। हमने मरीज की गरिमा भी बढ़ाई है। आयुष्मान भारत योजना मेरे गरीब भाई–बहनों के लिए किसी वरदान से कम नहीं है। ये योजना सिर्फ ईलाज नहीं देती, ये ईलाज के साथ–साथ विश्वास देती है।***

श्री मोदी बनास डेयरी (अमूल) से जुड़ल राज्य के दूध उत्पादक किसानन के एक सौ छौ करोड़ रूपिया क बोनसो स्थानांतरित कइलें। येह मौका पर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि पछिला आठ सालि में लोगि बदलत काशी के देखले हवें। प्रधानमंत्री के अगुआई मं पचास हजार करोड़ रूपिया क योजना काशी में आइल हइनि। कार्यक्रम में प्रदेस क राज्यपाल आनंदीबेन पटेलो मौजूद रहलिनि।

**********

केंद्रीय वित्त राज्य मंत्री पंकज चौधरी महराजगंज जिला के सोरह गो विद्यालयन में आजु आधुनिक सुविधा वाले सौचालयन अउर पेयजल आपूर्ति व्यवस्था क लोकारपण ओइजा के जीजीआईसी परिसर से कइलें। जिला क तेरह गो कस्तूरबा गांधी बालिका विद्यालय अउर तीनि गो राजकीय बालिका इण्टर कॉलेजो में ई निरमाण केन्द्रीय लोक निर्माण विभाग की ओरि से नई दिल्ली के केन्द्रीय अप्रत्यक्ष कर बोर्ड आ सीमा सुल्क बोर्ड के पहल पर भइल हवे। येह मौका पर केन्द्रीय वित्त राज्य मंत्री कहलें कि ई परियोजना प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के 'स्वच्छ भारत मिशन– आ 'बेटी बचाओ बेटी पढ़ओ' अभियान के सपना के साकार कइले के दिसा में एगो खास कदम हौ।

**********

प्रदेस सरकार में उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य बिहने कुशीनगर जइहें। उहां के जिला के कइ गो कार्यक्रम में सामिल भइले के सथही निर्माणाधीन विकास परियोजनन के देखिहें। कुशीनगर क अपर जिला सूचना अधिकारी राहुल कुमार बतउलें कि उप मुख्यमंत्री पड़रौना स्थित जूनियर हाईस्कूल में सम्राट अशोक के जयंती समारोहो के संबोधित करिहें।

**********

प्रदेस के पूरबी अउर पश्चिमी इलाकन में आजु, बिहने अउर तेरह अपरैल के कइ गो जगहिन पर गरज–चमक के साथे बरखा अउर बौछार पड़ले क आगम हवे। मौसम विज्ञान विभाग ऐह समय में पूरबी उत्तर प्रदेस मे वज्रपातों क धिरवनिया दिहले हवे। विभाग की ओरि से जारी दैनिक मौसम पूर्वानुमान बुलेटिन के हिसाबि से आजु अउर बिहने पूरबी इलाका में तेज झोंकादार बयार चलले अउर बिहने कुछु जगहिन पर ओलावृष्टियो क धिरवनिया दिहल गइल हौ।

ऐह बिच्चे, उत्तर प्रदेश मे काल्हि से खराब भइल मौसम से के नाते भइल दुरघटना में एगो महिला के लेके करीब बाइस जने क मउति हो गइल। राहत आयुक्त कार्यालय के हिसाब से तेरह जने क मउति बिजुली गिरले के नाते भइल जबकि अउरियो लोगिन क मउति देवालि गिरले आ छत गिरले के नाते भइल।

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ मृतकन के परिजनन के चारि–चारि लाख रूपिया क अनुग्रह रासि दिहले क घोषण कइले हवे।

**********

प्रदेस सरकार में कैबिनेट मंत्री डॉ संजय निषाद आजु क्षेत्रीय क्रीडांगन गोरखपुर से राज्य स्तरीय गली बड्डी खेल प्रतियोगिता क सुभारंभ कइलें। उहां के कहलीं कि प्रदेस सरकार सज्जो के कल्याण अउर उत्थान बदे लगतारे कोसिस कइ रहल हवे। कैबिनेट मंत्री भरोसा दिहले कि ऊ खेलिन क हिस्सा बनि रहल वंचित समाज के लइकन के प्रतिभाग के उचित सम्मान दियावे खातिर हर तरह क कोसिस करिहें। ऐह मौका पर आयोजक संस्था सेफ सोसाइटी क निदेशक विश्व वैभव शर्मा कहलें कि बिहने मनावल जाए वाले अंतरराष्ट्रीय स्ट्रीट चिल्ड्रेन डे के मौका पर आयोजित ऐह स्पर्धा क उद्देस्य समाज के वंचित वर्ग के लइकन के खेलिन बदे एगो बढ़िया मंच दिहल हवे।

**********